Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 35 (7279)
25 август 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багъа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ТIобитIана иргадулаб совещание



Гъал къоязда районалъул администрациялда гьелъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана иргадулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, М. ХIамзатов, бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаева, М. ХIажиев, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. К. Асадулаев ва цогидалги.

Гъоркьор лъурал суалаздасан аслиял рукIана районалъул киналго школал цIияб цIалул соналде хIадури, тIабигIияб балагьалдалъун цIикIкIун зарал ккарал Унсоколо ва Рихьуни росабалъ гьелъул хIасилал лъугIизариялъе хIалтIаби гьари, районалда субботник тIобитIи ва гь. ц. Школазда ремонталъулал хIалтIаби гьариялъул суалгун гIахьаллъаразда цеве кIалъана С. АрулмухIамадов. Гьес бихьизабуна школазда хIалтIаби лъугIанин ва гьел цIияб цIалул сон жиндир заманалда байбихьизе хIадурун ругилан. Жиндирго кIалъаялда М. ХIамзатовас бицана районалда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул, тIадчIей гьабуна школал цIа ккеялдаса цIуниялъул суалалдаги.

«Чара гьечIого хIажат буго шибаб росдал бутIрул школазде щвезе ва жидецаго хал гьабизе школазда бугеб ахIвал-хIалалъул, щвезе ва хал гьабизе ккола щибаб ясли-ахалде, щайгурелъул бутIруз кьезе ккола росдал гIадамазул жаваб»,-ян абуна ГI. НурмухIамадовас.

Борхана суал тIабигIияб балагьазул хIасилал лъугIизариялъулги. БетIерас бихьизабуна гьеб суал къокъаб заманалда рагIалде бахъинабизе кколилан.

Совещаниялда бицана районалда санитарияб хIал рукIалиде ккезабизе ккеялъулги. Гьелда хурхун цо-цояз предложениял кьуна 30 августалда районалда киналго гIахьаллъараб субботник тIобитIизе,-абун. Субботник тIобитIиялда хадуб хал кквезе тIад къана бетIерасул кумекчи М. ХIажиевасда.

## Росабазул бутIрузул жавабчилъи борхиялъе

2I августалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь райадминистрациялъул конференц-залалда тIобитIана росабазул бутIрул ахIараб данделъи. ГIахьаллъана гьесул зам. С. АрулмухIамадов, кумекчIужу Р. ХIайбулаева, Собраниялъул пред. К. Асадулаев ва цогидалги.

Данделъиялъул байбихьуда ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна жив-жив бетIерас жаваб кьолеб росдал суалал тIуралаго, тIадал ишаздехун ишалъулаб жавабчилъи бихьизабизе кколин. «Дун вохарав вуго нилъер кIудияб коллективалда гьудуллъи ва хIалтIуе тIуранго жалго кьей букIиналдаса. Хадубккунги нуж гьединаллъун рукIиналда хьул буго дир»,-ян абуна хадубги гьес

(Ахир 4 гъумералда)

## ИштIибури Центр рагьана



Дагьал церегIан къоязда ИштIибури росулъ кIодо гьабуна цойиде босараб кIиго батIияб рохалилаб тадбир. Гьениб тIобитIулеб букIана росдал къо ва МО «ИштIибури сельсоветалда» цебе рагьана «Россиялъул халкъазул традиционнияб Центр». Районалда гьединал Централ рагьулел руго Дагъистаналъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул приоритетниял проектазда бугеб «Человеческий капитал» программа гIумроялде бахъинабулаго. Централъул экспозициялда рукIана рукъалъул цебегосеб къайи-цIа, миллияб ретIел ва гь. ц. Тадбиралда гIахьаллъана цохIо росдал гIадамал гурелги батIи-батIиял районаздаса ва росабалъа гIадамал, районалъул культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, росабазул бутIрул ва цогидалги.

Праздникалъулаб тадбир рагьулаго росдал бетIер МухIамад Сайгидовас абуна: «Нилъеда киназдаго тIадаб буго нилъер умумазул лъикIал гIадатал цIунизе ва цебехун бачине. Нилъер налъилъун ккола гIун бачIунеб гIелалъухъе, гIемерал гIасрабаз цIунараб гьеб щвезаби, хьул гьабулеб буго гьелъие нилъее кумек щвелин районалъул ЦТКНРалдасан»,-абун.

Жиндирго кIалъаялда районалъул культураялъул отделалъул начальник ГI. ГIабдулаевас тIадчIей гьабуна: «Нилъер гIаммаб масъала ккола умумазул гIадатал, халкъияб магIишаталъул тIагIалаби, гьезул махщел гIун бачIунеб гIелалъухъе кьей ва гьезги цебехун бачин. Хьул гьабула нилъер хIалбихьи бугел устарзабаз гьелъие квербакъилин. Гьаб Централда дарсал кьезе бегьула тарихалъул, цебе чIезабизе рес буго кинал рукIарал нилъер умумал, кинан гьез гIумро гьабулеб букIарабали, кин тIоритIулел рукIарал праздникалали. Гьелъухъ нилъее нилъер хадуб бачIунеб гIелалъ баркала кьезе буго, баркала дицаги кьолеб буго гьаб кинабго гIуцIарал росдал гIадамазе. Аралъул къимат гьабулаго ине ккола нилъ церехунги», -ян бихьизабуна гьес

Баркиялъул кIалъаяздаса хадуб букIана праздникалъулаб къагIидаялда, гьалбал кваназари.

Культура

## Культура цебетIезабиялъе гIоло



РФялъул гьединго Дагъистан республикаялъул пачалихъиял приоритетниял проектазул аслиязул цояблъун ккола культураялд кIвар кьей, гьеб цебетIезаби. Районалъул бетIерлъун ГIиса НурмухIамадов ккаралдаса лъалаго цебетIуна районалда культуриял учреждениязул хIалтIи. Жалго культураялъул хIалтIухъабаздаги лъикIго бичIчIула жидерго хIалтIи, цере чIарал масъалабазул кIвар. Гьединлъидал гьезул буго халат бахъараб заманаялъе гьабураб план, аслияб масъалаги гьелъул ккола «Человеческий капитал», «Культура и культурная политика», «Культура детям села» ва гьел гурел цогидалги проектал гIумроялде рахъинари, церетIезари ва районалъул гьединго республикаялъул гIун бачIунеб гIелалъухъе гьел щвезари.

Жакъа къоялде районалъул территориялда рагьун ва хIалтIулел руго культуриял Рукъзабазул, халкъазул традициязул ва Россиялъул халкъазул культураялъул Централ. Гьел руго: Унсоколо, ГьаракIуни, ЦIатIанихъ, Колоб, Шамильхъала поселокалда. Гьединго гьал къоязда гьединаб Центр рагьана ИштIибури, хIисабалде росун руго гьел рагьизе ХъахIабросулъ, Балахьуни ва Генубги. Гьединлъидал районалъул культураялъул Рукъалъул база лъугьана ЦТКНРалъул гIадатал, цIи гIуцIиял, традициял, гIамал-хасиятал лъазариялъул цохIо районалъул гуребги тIолабго Дагъистаналъулго Центрлъун. Жакъа къоялде гьаниб хIалтIулеб буго:

-художественнияб къагIидаялда цIул къачIаялъул мастерская,

-МухIамадгIали МухIамадгIалиевасул нухмалъиялда гъоркь цIулада ишан кьабиялъул цех,

- миллияб ретIел букъиялъул цех,

-ГIабдулаев Сайпудинил нухмалъиялда гъоркь хIалтIулеб буго умумазул церегосел инструментал хIадурулеб цех,

- ПатIимат Жамалудиновалъул нухмалъиялда гъоркь хIалтIулеб буго миллиял квенал ва гьуинлъаби гьарулеб цех.

Генуб росулъ республикаялъул БетIерасул программаялда рекъон бан рагIалде бахъана культураялъул Централъе цIияб мина, гьабсагIаталда гьенир жанисел хIалтIаби гьарулел руго. ТIуран гьарулел хIалтIаби лъугIун гьечIониги, мина пайда босизе кьун гьечIониги, гьенир хIалтIулел руго батIи-батIиял махщалие гIадамал ругьун гьарулел кружокал. Гьел ккола: хьопазул заборал, ччугIа кколел, пихъазе корзинаби гьари ва гь. ц. ХарачIи росулъ хIалтIулеб буго ганчIида накъищ бахъиялъул мастерская, ГьаракIуни росулъ буго цIулал гъудал, гIучIал, церегосел умумазул махщалида кверлъаби рукъи, хьухьарулеб мастерская. ЦIатIанихъ росулъ буго квас ва квасул кун хIадуриялъул ва гьеб хьухьиялъул мастерская, ХъахIабросулъги буго гьебго мурадалъе квас хIалтIизабиялъул ва хьопал хьухьиялъул мастерская.

Гьеб гуребги Шамильхъала поселокалда хIалтIулеб буго лъималазул «Умелые руки» кружок, гьенир лъимал ругьунлъула кверлъабазда берцинаб рукъи гьабизе, тIабигIияб материалалдаса батIи-батIиял тIагIалаби гьаризе.

Хасаб бакI ЦТКНРалда ккола информационнияб студиялъ. Гьелъ гIумроялде бахъинабула халкъалъухъе Россиялъул халкъазул культураялъул хIакъалъулъ передачаби, информацияби, халкъазул культуриял цIилъаби ва хIалбихьиял цоцахъе щвезари. ЦТКНРалда кутакалда цебетIолеб буго «Куначество» отделалъул хIалтIиги. Масала, Рихьуни росулъ хIадурлъиялъул хIалтIаби унел руго «Дом кунака» абураб отдел рагьиялда тIад. Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул бихьизабиялда рекъон хIадурлъулел руго Шамильхъала поселокалда «Куначество горцев» Центр рагьиялде, гьебго программаялда хIисабалде босун буго «Дом рыбака и экскурсионный тур по достопримечательностям района» центр рагьизеги.

(Ахир 4 гъумералда)

«Богатству иных людей не стоит завидовать: они приобрели его такой ценой, которая нам не по карману, они пожертвовали ради него покоем, здоровьем, честью, совестью. Это слишком дорого; сделка принесла бы нам лишь убытки».

Жан де Лабрюйер (1645—1696), французский философ.

«Лучше впасть в нищету, голодать или красть, чем в число блюдолизов презренных попасть. Лучше кости глодать, чем прельститься сластями за столом у мерзавцев, имеющих власть».

Хайям Омар (1048—1131), персидский поэт, философ и ученый

# «В борьбе с коррупцией начните с себя»



***Коррупция – зло. Как противостоять ему и какие мероприятия проводятся в районе в целях противодействия коррупции, в нашем интервью с помощником главы Унцукульского муниципального района по вопросам противодействия коррупции Раисат Хайбулаевой.***

**– Раисат Магомедалиевна, как вы оцениваете проводимую антикоррупционную работу в районе?**

Дать оценку своей работе будет не очень правильно, тем более что я недавно приступила к своим обязанностям. В республике проводится мониторинг эффективности деятельности антикоррупционной работы во всех структурах, в том числе и по муниципальным районам. И по итогам 2016 года мы находимся на неплохой позиции, по проводимой антикоррупционной работе в целом.

**– В чем заключается работа комиссии?**

– В отличие от правоохранительных органов у нас нет полномочий, проводить следственные действия, хватать коррупционеров за руку и сажать их или административно наказывать. Этим занимаются прокуратура и другие правоохранительные органы. А мы в свою очередь занимаемся профилактической работой, предупредительными мероприятиями. И профилактическая работа очень многогранна. Проводим заседания комиссии, на которых заслушиваем должностных лиц о проводимой работе по пресечению и предупреждению нарушений по всем направлениям, например, такие как при выделение земельных участков, использование бюджетных средств, организация питания в образовательных учреждениях (школах, детских садах), в ходе постановки на учет и выделения жилья по всем видам программ. Проводим беседы с муниципальными служащими, знакомим с законодательством о противодействии коррупции, принимаем нормативные правовые акты, проводим тестирование по законодательству в области противодействия коррупции. Доводим до служащих, что означает понятие «конфликт интересов», обязанности муниципального служащего, соблюдение запретов и ограничений, предоставление сведений о доходах и расходах и т.д. Думаю, что наиболее важна та оценка коррупционной обстановки, которую дает сегодня население нашего района. Поэтому планируем проведение анкетирование среди населения по проявлениям коррупции.

**– В соответствии с законодательством все служащие должны предоставлять сведения о доходах и расходах, все ли предоставили такие сведения?**

– Да, предоставили, стопроцентно. И данные сведения как вы знаете, размещены в открытом доступе на официальном сайте района в разделе «Противодействие коррупции».

**– Говорят, чтобы искоренить коррупцию, необходимо воспитывать общество и прежде всего, подрастающее поколение?**

– Работа по противодействию коррупции должна начинаться со школы. В школах стараемся проводить различные мероприятия по формированию у обучающихся антикоррупционного мышления, мировоззрения, нетерпимого отношению к коррупции. Особенно продуктивно в этой части работают Гимринская поселковая школа. Мероприятия проходят и в игровой форме, и в виде бесед, ребятам рассказывают об опасности коррупции и какой вред она может причинить.

**– Все законодательство в сфере противодействия коррупции обыкновенный гражданин не может знать и все же, как обычному человеку не стать жертвой коррупционных преступлений?**

– Многого о законах в сфере коррупции знать и не надо, так как любое должностное лицо или гражданин прекрасно понимает, что нельзя брать и давать взятки, нельзя злоупотреблять служебным положением в целях извлечения выгод для себя или в случае причинения вреда государству и т.д.

**– И в завершение, риторический вопрос: когда же мы, наконец, победим коррупцию?**

– Полностью, наверное, никогда. Для этого пришлось бы вывести новую человеческую породу. Наверно надо стремиться минимизировать коррупцию до такого уровня, который позволил бы государству развиваться, а гражданам жить в достатке без взяток, вернуть главенство морали и нравственных ценностей. А чтобы хоть немного приблизить эту прекрасную пору, каждому нужно начинать с себя, чего и пожелаю всем читателям.

***Мадина СУЛТАНОВА***

# «Это нужно знать каждому»

В последнее время мы слышим все больше сообщений о борьбе с коррупцией. Этому вопросу уделяется повышенное внимание средств массовой информации. Борьба с коррупцией была и остаётся приоритетным направлением деятельности нашего государства.

Российской Федерацией ратифицированы две международные конвенции: Конвенция «Об уголовной ответственности за коррупцию» и Конвенция Организации Объединенных Наций против коррупции. Большую работу в этом направлении осуществляют все органы власти.

Так, в 2016 году всего было выявлено более 300 тыс. нарушений коррупционной направленности. По результатам их рассмотрения 72,6 тыс. лиц были наказаны в дисциплинарном порядке, в том числе 383 лица были уволены в связи с утратой доверия. За совершение коррупционных преступлений в 2016 году были осуждены свыше 13 тыс. человек. По исполненным решениям суда в доход государства были обращены 12 объектов, стоимость которых составила более 34 млн. рублей.

По данным Судебного департамента при Верховном суде, число лиц, которым суды выносят приговоры за коррупцию в России, ежегодно в среднем увеличивается на 1,5 тысяч человек. Если в 2012 году за коррупционные преступления в России было осуждено 6 тысяч человек, в 2013 - 8,5 тысяч, в 2014 году - 10,7 тыс., в 2015 году - уже 11,5 тыс. человек.

При этом больше всего осуждается за дачу взяток. Если в 2012 году за такие преступления были осуждены 2 тысяч человек, то в 2015 году суды вынесли приговоры в отношении 5,2 тыс. взяткодателей.

В этой связи, Генеральной прокуратурой РФ совместно с Общественной палатой РФ разработан информационно-справочный буклет «Памятка о том, что каждому нужно знать о коррупции».

Вниманию жителей района предлагаю ознакомиться с указанной памяткой.

ПАМЯТКА о том, что КАЖДОМУ НУЖНО ЗНАТЬ О КОРРУПЦИИ.

Коррупция – от латинского слова corruption (порча, подкуп).

Согласно Федеральному закону от 25.12.2008 №273 –ФЗ «О противодействии коррупции» под коррупцией понимается:

- злоупотребление служебным положением, дача взятки, получение взятки, злоупотребление полномочиями, коммерческий подкуп либо иное незаконное использование физическим лицом своего должностного положения вопреки законным интересам общества и государства в целях получения выгоды в виде денег, ценностей, иного имущества или услуг имущественного характера, иных имущественных прав для себя или для третьих лиц либо незаконное предоставление такой выгоды указанному лицу другими физическими лицами;

ОСВЕДОМЛЕН – ЗНАЧИТ ЗАЩИЩЕН….

Давать взятку ОПАСНО, поскольку законом на государственных и муниципальных служащих возложена обязанность уведомлять работодателя и органы прокуратуры о фактах его склонения к совершению коррупционного преступления.

Если же взятку у вас ВЫМОГАЮТ, незамедлительно сообщите об этом в правоохранительные органы.

ВАЖНО! Выполнив требования вымогателя и не заявив о факте дачи взятки в компетентные органы, ВЫ МОЖЕТЕ ОКАЗАТЬСЯ привлеченными к уголовной ответственности наряду с взяточником при выявлении факта взятки правоохранительными органами.

УГОЛОВНЫМ КОДЕКСОМ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ предусмотрено ЛИШЕНИЕ СВОБОДЫ на длительный срок как за получение взятки, так и за дачу взятки и посредничество.

Перед законом отвечает не только тот, кто получает взяткополучатель.

Если взятка передается через посредника, то он также подлежит уголовной ответственности за пособничество в даче взятки.

Уголовная ответственность за получение либо передачу незаконного вознаграждения при КОММЕРЧЕСКОМ ПОДКУПЕ предусмотрена ст. 204 УК РФ

НАКАЗАНИЯ для ВЗЯТОЧНИКОВ:
ШТРАФ – от 25 до 100 сумм взятки
ЛИШЕНИЕ СВОБОДЫ – до 15 лет

Дополнительный вид наказания – лишение права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью до 3-х лет.

НАКАЗАНИЯ для ВЗЯТКОДАТЕЛЕЙ:
ШТРАФ – от 15 до 90 сумм взятки




ЛИШЕНИЕ СВОБОДЫ – до 12 лет
НАКАЗАНИЕ для ПОСРЕДНИКОВ:
ШТРАФ – от 20 до 90 сумм взятки
ЛИШЕНИЕ СВОБОДЫ – до 12 лет + штраф до 70 сумм взятки.

ВЗЯТОЧНИК, он же ВЗЯТКОПОЛУЧАТЕЛЬ – тот, кто получает взятку,

ВЗЯТКОДАТЕЛЬ – тот, кто ее дает.

ВЗЯТКОЙ МОГУТ БЫТЬ:

- материальные ценности, в т.ч. деньги, ювелирные изделия, бытовая и иная техника, недвижимость;
- услуги и выгоды, оказанные безвозмездно или по заниженной стоимости.

ВЗЯТКОПОЛУЧАТЕЛЕМ может быть признано только должностное лицо- представитель власти или лицо, выполняющее организационно-распорядительные, административно –хозяйственные функции в государственных органах, органах местного самоуправления ( прим. к ст.285 УК РФ)

Лицо, давшее взятку, освобождается от уголовной ответственности, если оно активно способствовало раскрытию и (или) расследованию преступления и после совершения преступления добровольно сообщило о даче взятки правоохранительным органам.

**Раисат Хайбулаева, помощник главы МО «Унцукульский район»**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№35 (7179)*
*25 август 2017 сон*



# Рузман къоялъул вагIза

Муъминчи хвараб заманалда киналго зобал-ракьал гIодулел руго гьадинаб гIиллаялъе гIоло: зобал пашманлъулел руго гьав муъминасул ракьалда гьарулел гIибадатал жидехъе рахинарилан, ракьал къварилъулел руго муъминасул лъикIаб гIамал тIокIаб ракьалда бижиларилан. ГIодулеб буго илбисги – «гьай ворчIун кканаха гьав чи дихъа»,-ян.



# ГIалимасул малъиял-гIумроялъул дарсал



**Жаваб киназго кьола**

Гьаб дунялалъул рокъор нилъ руго лъабго диваналда цере чIарал Аллагьасул лагъзал. ТIоцебесеб диван буго Аллагь тIаса лъугьунареб, кIиабилеб – Аллагь тIаса лъугьунеб, лъабабилеб-инсан тIаса лъугьиналда бараб.

ТIоцебесеб – Аллагь тIаса лъугьунареб диван лагъасда цебе чIун бугони, Аллагь – аварагасде инкар ккурав вугони – гьелда тIаса Аллагь лъугьунаро.

КIиабилеб – гIемераб заманалда рачIого хутIарал какалги, кквечIого хутIарал кIалалги рецIиялда бараб, ккараб мунагь-квешлъиялдаса ракIги бухIун лъикIлъиялде руссани, ракI-ракIалъго тавбоги гьабун Аллагьасде руссани – Аллагь тIаса лъугьуна.

Лъабабилеб – чиясе-инсанасе кьезе хIукъукъал ругони, гьезул бетIергьаби тIаса лъугьинчIони, гьелдаго релъарал цогидал налъулалги, тIубачIеб гьоркьоблъи бугони гьел хIукъукъазул бетIергьаби тIаса лъугьинчIони лагъасе ворчIизе бакI гьечIо, Аллагьасги гьесие кумек гьабуларо.

ГIакълоялъул бетIергьанас гьел диваназул ургъел гьаб дунялалда жакъаго гьабила. (I2 гьум.)

**Рекъаралъе рекъараб кири кьола**

Цояс (с. т. гI. в.) Аварагасда гьикъулеб буго цо пуланав чияс какги балеб гьечIони, кIалги кколеб гьечIони, исламалъул арканазул гьесда кодоб гIицIго «Лаиллагьа илаллагь» гурони, къиямасеб къоялъ ахираталъул рокъоб гьесие гIицIаб «Лаиллагьа иллалагьалъ» пайда гьабилищан. ТIадегIанав Аллагьасул Расулас (с. т. гI. в.) жаваб гьабун буго: «Гьабила пайда, жеги цIадул гIазабалдасацин хвасарлъила. Щаян абуни жиндихъе ЖабрагIилги вачIун лъазе гьабунила «Дуда цеве вукIарав нусиялда къоло ункъ азаравго аварагзабазде рештIарал тIухьдузда ругелщинал жалаздасаги, дуде рештIараб Къуръаналдасаги «Лаиллагьа иллалагь» абураб калималдаса тIадегIанаб калима гьечIила. Гьединги букIаго гьелъ пайда гьабичIого толаро»,-абун. (3I гьум.)

**Устар гьечIеб гIибадат гIумроялда дагь буго**

Аллагьасе гIибадат гьабиялъулъ лагъ каламаталде вахараб заманалда гьев лагъ Аллагьас живго ваккараб бакIалде ваккизе гьавула. Гьединлъидал нилъеда тIадаб буго гьеб ишалъулъ нухмалъи гьабизе шайих-устар валагьизе ва гьес малъарабгун абураб бурав гъецIалъ махх гIадин кьуричIого, щулаго кквезе. Гьезул камиллъиялъул рахъазул нилъеца бицине ккеларо – гьел киналго камилаздасан рачIарал ругелъул. Шайих-устарасул вирдал кодор кквеялдалъун нилъеца гьарурал чорокал гIамалал рацIалъизе бегьула ва гьарула шайих-устар вугеб рахасалъул байбихьуда (с. т. гI. в.) МухIаммад авараг вукIиналдалъун. (669 гьум.)

Живго жиндаго чIун гIибадат гьабулев чи вуго гIибад – Аллагьасул лагъ, шайих-устарги ккун гIибадат гьабулев чи вуго гIариф-Аллагь лъалев чи. (409 гьум.)

**Нилъеца гьабураб хваразе щола**

Нилъер киналго хварал гIадамазул кинабго хадусеб къисмат бан буго чIагояз хадуб кьолеб садакъаялдаги, гьабулеб дугIа-алхIамалдаги. ХIатта буго хIадис «киналниги хварал гIадамал жужахIалде инаан гьезие садакъа кьезеги, гьезие дугIа-алхIам гьабизеги чIагоял гIадамал рукIинчIелани»,-абун. Буго хIадис гьадинаб магIнаялъулги: «чанго чи лъугьунев хобалде жаниве мугIрул гIадал мунагьалгун, амма къиямасеб къоялъ гьезул цо-цоял рахъунила эбелалъ гьарураб мехалъ гIадин мунагьаздаса рацIцIалъун»,-абун. Гьеб буго хварасухъ ракI бухIарал, нахъе ругез гьабураб дугIа-алхIамги, кьураб садакъаги ТIадегIанав Аллагьас къабул гьабуразул даража.

Хваразул ахIвал-хIал лъалеб агьлуялъул цояз дида абуна: «дида бихьана сажиналде араб цо рухI гIилиналде ккун лъабкъоялда анцIазарго зикру жиндаса бачараб заманалда» абун. (I70 гьум.)

Цо пуланав чиясул хобалда аскIоб гьал калимаби абуни Исрафил малаикас сур пуйзегIан хвалил гIазаб гьечIиланги буго. Гьел калимаби хварав вукъулагоги абизе бегьула:

**Аллагьума бихIакъкъи сайидина МухIаммадин ва али МухIамаддин сала ллагьу гIалайгьи вассалам латугIазиб гьазалмайита.** (I7I гьум.)

**Кири гIемеразе кьунилан мукъсанлъуларо**

Нилъеца жидее кири кьолел гIадамал гIемерлъанагIан нилъее даража цIикIкIуна, гьел гIадамал дагьлъанагIан нилъее кири дагьлъула. Гьедин бицана цо балъгояв, бергьараб изнуялъул бетIергьанав кашфуялъул бетIергьанас.

(Гьеб гара-чIвари ккун буго (ж. а. р.) МухIамад ГIарифилгун. Муршидас абулеб жо гIемерисеб беразда бихьараб букIуна тIахьаздасан цIалун лъаралдаса).

**Муъминчи ками – киназего пашманлъи**

Муъминчи хвараб заманалда киналго зобал-ракьал гIодулел руго гьадинаб гIиллаялъе гIоло: зобал пашманлъулел руго гьав муъминасул ракьалда гьарулел гIибадатал жидехъе рахинарилан, ракьал къварилъулел руго муъминасул лъикIаб гIамал тIокIаб ракьалда бижиларилан. ГIодулеб буго илбисги – «гьай ворчIун кканаха гьав чи дихъа»,-ян абун.

Амма исламалъул арканал кодор кквечIесухъ хвараб заманалда зобал-ракьал гIодуларо, илбисалъул ракI бакъваларо – гьев чи илбисалъул кверщаликь вукIарав чи вукIиналдалъун (I32 гьум.)

**Киналъулго хIисаб буго**

Дунял бикьун буго лъабго бутIаялде: цо бутIаялда ракъдаллъи, кIиго бутIаялда лъим буго. Гьеб гьедин щай бугеб абун гьикъидал Жалла жалагьу Аллагь тагIалаяс жаваб кьун буго:

Гьаб ракьалда тIад Адамидасан рижизе руго исламалъул нухалъул Диеги мутIигIал цо гIадамал. Гьел Дица ритIизе руго алжаналде абун. Цинги ракьалъ абила: «Дуе мутIигIал гурелгийищ рижизе ругел дидасан,- абун. Аллагьас абила: гьел дица жужахIалде ритIизе руго,-абун.

Гьеб гIужалда байбихьун гIоданила гьаб ракь Адам вижизегIан гьединал гIадамал раччизе ккей захIмалъун. Гьедин буго ракьул цIикIкIарисеб гьумер лъеца ккураб (II гьум.)

**Муъминзабазе давла кисанго щола**

Муъминал эбел-инсул лъимералъул гIоди ункъго моцIица гьабун буго «Лаиллагьа иллалагь» абураб каламлъун. КIиабилеб ункъго моцIида гьебго гIоди гьабун буго «МухIаммадан-Расулуллагьги» абун, лъабабилеб ункъго моцIица «Аллагьуммагьфирли вала валида» (дирги дир эбел-инсулги мунагьал чурагийилан). Гьединлъидал лъагIизегIан лъималазда кьабизе бегьуларо.

Амма кафурал эбел-инсул лъималаз щибаб ункъ-ункъ моцIаз жидерго эбел-инсуе нагIана кьола (I35 гьум.)

**Дунялалъул хIакъикъатги хIакъаб къиматги**

Дунял бокьарав лъикIаб рахъалде тIовитIизе кIоларо дунял бижаралдаса дунял паналъизегIан рахъарал аварагзаби тIаделъаниги.

Дунял рихарав къосинавизеги кIоларо дунялалда бугебщинаб илбис тIаделъаниги. (694, 695 гьум.)

ТIадегIанав Аллагьас гIакъло бижун буго лъабго батIияб нухалдасан: матIбугIияб, масмугIияб, марсумияб.

МатIбугIияб буго эбелалъул ургьибго инсанасул ракIалда тIад мугьру гIадин кьабураб. Гьес гьитIинаб заманалдаго гIакълу бугел рагIаби абула ва рицуна.

МасмугIияб – гьебги щола инсанасухъе гIелмуялъулги гIакълуялъулги макъамалъул бетIергьаби буравгъецIалъ махх гIадин ккунани гьездасан рагIун.

Марсумияб – эбел-эмен гIакълуялъулги гIелмуялъулги бетIергьаби рукIун ратани, гьездасан ирсалъе босун щвараб (72, 79 гьум.).

**Нилъер гIелмуялда гIадахъ босула**

Сапар байбихьизе, цIидасан байбихьулеб хIалтIи гьабизе, гIумруялъул кIвараралъул лъугьа-бахъиназде байбихьизе лъикIал гурел къояллъун нилъер гIалимзабаз гьадинал къоял рикIкIуна: щибаб моцIрол лъабабилеб, щуабилеб, анцIила лъабабилеб, анцIила анлъабилеб, къоло цоабилеб, къоло ункъабилеб, къоло щуабилеб ва щибаб моцIрол ахирисеб арбагI къоги (ахирарбагI). Гьел гурелги щибал моцIазулги руго кIи-кIи гьединалго къиматазул къоял: МухIарраммалъул ункъабилеб ва анцIила цоабилеб, сафаралъул – анцIабилеб ва къоабилеб, рабигIул авалалъул – анцIабилеб ва къоабилеб, рабигIул ахиралъул тIоцебесеб ва анцIила цоабилеб, жумадул авалалъул – анцIабилеб ва анцIила цоабилеб, жумадул ахиралъул – кIиабилеб ва ункъабилеб, раджабалъул анцIила цоабилеб ва анцIила кIиабилеб, шагIбаналъул – ункъабилеб ва къоабилеб, рамазаналъул – лъабабилеб ва къоабилеб, шавалалъул – анлъабилеб ва анкьабилеб, зулькъагIидаялъул – кIиабилеб ва лъабабилеб, зульхIиджаялъул – анлъабилеб ва къоабилеб.

## ЩайтIанищ къуватаб нилъищ загIипал?

АлхIамдулиллагь, БетIергьанасул рахIматалдалъун нилъее жакъа ресал щун руго исламиял институтазда ва мадрасабазда гIелму лъазабизе, бокьухъе мажгиталда жаниб ТIадегIанасе гIибадат гьабизе. Амма гьелдаса пайда босулезул къадар дагьаб буго. Щай? Щайгурелъул шайтIаналъ малъулеб берцин бихьулеб буго нилъер нафсалда. Аллагьасе гIоло гIибадаталъе чIедал хехго макьу речIчIулел нилъеца бигьаго борчIулеб буго сордо интернеталда жанир лъугьун яги телевизоралъухъ балагьун. Дуниялалъул боцIуе гIоло къецал руго бусурбабазда гьоркьор унел. Масала, росуцояз шагьаралда квартира босани, цогидазги байбихьула гIарац данде рехизе, шайтIаналъ чIухIи бижизабулеб буго гьезул ракIазулъ: гъосул бугеб мехалъ шагьаралда квартира дир щай букIине бегьулареб?,- абун. Дуниялалъул рокъобги рекъараб, хасго ахираталда пайда цIикIкIараб садакъа гьабичIого, жинде гIемер хIажалъиго гьечIеб квартира босулеб буго шагьаралда. ТIадегIанисес тIадегIанаб гIакълуги кьун кIодо гьарурал нилъеда щай лъикIабги квешабги батIа бахъизе лъалеб гьечIеб? Щай нилъер шайтIан къезабизе къуват гIолареб? ТIоцебесеб иргаялда Аллагьасул амру теялъ, аварагасул (с. т. гI. в.) суннат цIунуларого букIун, хIадисазде гIамал гьабунгутIиялъ, хIалалаб кваналеб гьечIолъиялъ, дунял хиралъиялъ…

Телевизоралъусан сериалазухъ балагьун ругьуназ какил гIуж унеб бугониги реклама байбихьичIого гьеб балеб гьечIо. ГIужда бараб камилаб какил кири кутакалда кIудияб бугилан аварагасул (с.т.гI.в.) хIадис лъалеб букIаниги. Гьеб жо кколеб буго калам тун шайтIаналъе мукIурлъи. Цо херав чияс абуна: гьаб телевизорги интернетги кIиябго илбис бугилан. Дица гьесие жаваб гьабуна илбисал ратичIони гьелъул заместителал рукIин мухIканаб бугилан. ГIарацги кьун росун рокъор шайтIаби «хьихьи» цIодорал чагIазул пиша гуро. Дица гьедин абиялъе гIилла буго пайдаялдаса гьез зарал цIикIкIараб гьабулеб бугелъул.

Аварагги (с.т.гI.в.) асхIабзабиги цадахъ рачIунаго циндаго гьезда пасатаб балканалъул махI чIван буго, магIазукъалалги къан ккун галабиги хехлъизарун балканалдаса рикIкIалъидал Аварагас (с. т. гI. в.) асхIабзабазда гьикъун буго: бокьанищ нужее гьадаб махIилан. Я Бичасул авараг балканалъул махI бокьулев чи вукIунаро,-ян жаваб кьун буго гьез. «ХIажалъулелдаса тIаде дуниялалъул боцIи данде гьаби, хIакълъунго, Аллагьасда аскIоб балкан буго»,-ян бицун буго аварагас (с. т. гI. в.) ХIасилул калам нилъеца къиматаб заман дуниялалъул ишазде машгъуллъун инабулеб буго, ахират бачIине букIинги кIочон тун. РахIманас нилъ киналго лъикIалде кантIизареги!

**ГЪАЗИМУХIАММАДИЛ**
**МухIаммад-хIажи,**
**Балахьуни росу.**

